

# ENSTRIKSYON POU RADYASYON PWOSTAT

## ANVAN SIMULASYON W LAN (VIZIT PLANIFYE A)

- Bwè yon boutèy Sitrat mayezyòm (10 oz.) a 6:00 p.m. lannwit lavèy randevou simulation w lan.
- Fè youn oswa de lavman flòt 2 èdtan anvan ou kite lakay ou pou randevou simulation.
- Demi èdtan (30 minit) anvan randevou simulation w lan, al fè pipi, apre sa, bwè 16 oz. dlo. Pa pipi jiskaske simulation a fini.
- Si ou gen difikilte pou ou fè pipi, pale ak ekip swen medikal radyasyon w lan. Nou gen metòd ki disponib pou ede ou kontwole fwit pipi yo epi fè simulation w lan ak tretman w lan pi konfòtab ou menm.
- Nan jou simulation w lan ou ka manje; sepandan, pinga ou manje anpil manje.
- Ou ka kontinye bwè midikaman yo preskri w yo.

## ANVAN CHAK RADYOTERAPI

- Bat pou ou fè poupou anvan chak radyoterapi. Lè w fè sa, l' ap redui kantite gaz ak poupou nan zòn tretman an sa ki enpòtan pou jere radyasyon an. Yon lavaj ak dlo tiyo ka ede ou gen estimilasyon pou ou fè poupou. Si ou gen difikilte pou w fè poupou regilyèman, pale ak ekip swen medikal w a pou ou resevwa plis rekòmandasyon.
- Bwè 16 oz. dlo 30 minit anvan tretman w lan pou w asire w ke blad pipi w la plen nan moman tretman an. Pa pipi jiskaske radyoterapi a fini.
- Si w santi nenpòt siy oswa sentòm nan tretman an, tanpri pale avèk ekip radyasyon onkolòji w la pou revize jere opsyon.



# ENSTRIKSYON POU RADYASYON PWOSTAT

REYALIZE	PINGA
<ul style="list-style-type: none"> <li>Kontinye fè aktivite pèsonèl ou yo ak travay ou konn fè ou chak jou yo nan limit ou santi ou kapab. Ou ka kontinye woutin antrenman w lan tou. Si ou santi ou kòmanse gen gwo fatig, pale ak ekip swen medikal radyasyon w lan.</li> <li>Rete byen idrate, sitou kèk jou anvan simulation w lan epi pandan tout moman radyotradi w la.</li> <li>Pale sou nenpòt sentòm ou ka genyen, tankou ogmante frekans oswa ijans pou ou fè pipi a, ak espesyalis swen medical swen radyasyon w lan. Ou ka nan lis pou yon medikaman ki ka amelyore sentòm sa yo.</li> <li>Kontinye gen rapò seksyèl nan fason ki pi bon pou w a. Ou ka gen kèk malèz lè w ap ejakile oswa wè san nan espèm nan oswa dechaj ou, pa gen youn nan bagay sa yo ki danjere pou ou.</li> <li>Patisipe nan vizit chak semèn ou yo ak onkològ radyasyon w lan. Anjeneral, y ap pwograme vizit s a nan menm jou chak semèn. Pandan tan sa a, ou ka pale sou nenpòt bagay oswa enkyetid ou ka genyen.</li> <li>Manje anzm alimantè tankou Beano® avèk premye kiyè manje a nan chak repa pou ou diminye gaz ak gonfliman.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pa manje manje ki ka ogmante gaz oswa gonfliman. Egzanp yo gen ladan yo bwokoli, chou, pwa, pwodwi ki fèt ak lèt, kola, ak chiklèt. Pale ak ekip swen medikal radyasyon w lan si ou bezwen plis sijesyon pou diminye gaz ak gonfliman yo.</li> <li>Pa kòmanse fè rejim pou ou pèdi pwa. Nou vle ou gen menm pwa ou genyen an pandan tretman an, kèlkeswa jan pwa w ye kounye a. Si ou vle, ou ka kòmanse fè rejim alimantè apre tretman an.</li> <li>Pa bwè lòt bagay oswa vitamin san apwobasyon ekip swen medikal radyasyon w lan.</li> <li>Pa sispann oswa kòmanse okenn medikaman yo preskri w san ou pa pale ak espesyalis swen medical radyasyon w lan sou sa an premye.</li> </ul>

